



Pou Piblikasyon Imedya: 12/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM EFIKASITE KOMÈSYAL AK  
ENDSTRIYÈL AKSELERE KI KOUTE 10 MILYON DOLA POU REDUI  
KONSOMASYON KONBISTIB FOSIL**

*Jiska 5 milyon pou chak pwojè kounye a disponib pou pwojè ki elijib yo pwopoze  
ki dwe fini ak operasyonèl disi 2025*

*Akselere pwogrè ki ale nan menm Liy ak Objektif klimatik eta a k ap mennen nan  
nasyon an pou redui emisyon gaz ki lakoz efè sè yo a 85 pousan disi 2050*

*Ede asire ke omwen 35 pousan nan benefis investisman enèji pwòp yo ale nan  
kominote ki defavorize yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Pwogram Efikasite Komèsyal ak Endistriyèl Akselere ki koute 10 milyon dola. Pwogram sa a ede gwo antite ki entansif an enèji nan kad efò yo pou redwi konsomasyon konbistib fosil sou plas atravè efikasite enèji ak aksyon elektrifikasyon yo. Pwogram sa a pral bay jiska 5 milyon pou chak pwojè ke yo pwopoze ki dwe fini ak operasyonèl disi 2025 Anons jodi a ede avanse objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo nan 85 pousan disi 2050 epi asire omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo prale nan kominote defavorize yo.

"Atravè nouvo inisyativ sa a, n ap bay sektè komèsyal ak endistriyèl ekonomi New York yo ankourajman enpòtan pou aplike pwojè ki diminye anprent kabòn yo epi ede atenn objektif klimatik anbisye nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje pa ogmantasyon kantite konpayi k ap chèche mwayen pou avanse travay nou nan kreye kominote ki pi rezistan, espesyalman moun ki istorikman yo kite dèyè yo pandan n ap kontinye pote benefis sante ak ekonomik enpòtan pou tout Nouyòkè yo nan kad ekonomi vèt nou an k ap grandi a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen Harris, te deklare,** "Lansman nouvo pwogram sa a demontre angajman NYSERDA pou l investi nan patenarya ki ede fè kèk nan pi gwo itilizatè enèji New York yo vin pi pwòp epi pi efikas. Angajman pou efikasite enèji ak rediksyon emisyon sou plas nan operasyon sa yo pral redwi polisyon nan kominote nou yo, trase

chemen an pou yon avni ki pi an sante, ki pi dirab, epi sèvi kòm egzanp aksyon klimatik pou lòt gwo itilizatè enèji yo."

Pwogram nan fèt pou redui emisyon ki soti nan operasyon nan sektè ki difisil pou dekarbonize ak entansif an enèji yo, epi pou elimine ko-polyan danjere yo nan kominote operasyon yo. Kritè nòt Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la bay preferans pou rediksyon emisyon gaz lakòz efè tèmik ki fèt nan kominote defavorize ki deziyen yo epi ki bay benefis nan kominote sa yo.

Pwogram nan ouvri pou endistri manifakti kle ak anviwònman kanpis komèsyal tankou: papyè; petwòl; metal prensipal; mineral ki pa metalik; pwodwi chimik yo; manje; pwodwi metal fabrike; ekipman transpò; òdinatè ak elektwonik; kanpis kolèj ak inivèsite; ak kanpis etablisman swen sante yo. Operasyon sipò tankou sit depo ak distribisyon, min ak ekstraksyon, ansanm ak dlo ak dlo ize yo elijib tou. Pou plis kondisyon kalifikasyon, tanpri vizite [sitwèb](#) NYSERDA.

**Prezidan Asosiyasyon Manifakti New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York, MACNY), Randy Wolken, te deklare,** "Pwogram NYSERDA ki fèk pibliye a, Pwogram Efikasite Komèsyal ak Endistriyèl Akselere a, pral bay resous pou ede òganizasyon yo atenn objektif enèji Eta New York yo. Pwogram sa a redui siyifikativman risk finansye yo. An asosiyasyon ak lòt Pwogram NYSERDA yo, konpayi yo ka konplete ak amelyore resous entèn yo alontèm. NYSERDA gen yon long istwa siksè ak resous R&D yo pou sipòte devlopman pwogram sa yo. MACNY ankouraje manm nou yo ak patnè kominotè yo pou yo aprann plis sou pwogram sa yo epi pou pwofite opòtinite sa a."

Pwogram nan ouvri pou pwopriyetè bilding komèsyal ki gen depans enèji pou omwen 1 milyon dola chak ane ak konpayi endistriyèl ki depanse omwen 500,000 dola nan enèji chak ane. Anplis de sa, Pwopozan yo pral oblije idantifye yon objektif pou ekonomize enèji ak pwojè yo pral konplete pou atenn objektif sa a. Prim yo pral varye ant 500,000 ak 5 milyon dola. Seleksyon an pral baze sou nòt yo klase yo ki bay priyorite ak gwo ekonomi enèji tèmik, ekonomi emisyon, efikasite pri, rediksyon chaj maksimòm, ak enstalasyon akselere. Pwojè yo dwe itilize teknoloji ki disponib sou plan komèsyal epi yo dwe enstale nan yon peryòd de ane.

Men kèk egzanp mezi ki elijib yo enkli:

- Amelyorasyon efikasite enèji
- Amelyorasyon efikasite pwosesis
- Rekiperasyon enèji/chalè
- Pop chalè tèrès ak ayeryèn
- Elèktrifikasyon chaj tèmik
- Sistèm jesyon ak kontwòl enèji
- Amelyorasyon operasyon ak antretyen

Aplikasyon yo dwe fèt anvan 3:00 p.m. nan dat 31 out 2023. Gen plis enfòmasyon sou pwogram lan ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)